# Kumba am-Ndey ag Kumba-amul Ndey

Conte Wolof

Dafa amoon benn nit bu amoon ñaari jabar. Ku nekk ci ñoom am benn doom bu jigéén. Yàlla def mu am benn jabar bu dee bayyi fi doomam. Ñaari xale yu jigéén y i ñoo bokk tur. Ndax ñu mën léen xammee, ñu léen di raññentele "Kumba-am-ndey" (xale bi yaayam di dund) "Kumba amul ndey" (xale bi yaayam dee). Boroom kër gi nag dafa ragal jabar ji lool ba nga xam né lu mu def walla lu mu wax rekk neex na ko. Dafa doon aax bàyyi jabar ji muy defloo Kumba amul ndey ligééyu kër gi yépp. Benn bés Kumba amul ndey di raxas ba fètte koog bu ndaw ; wujju yaayam bi né ko mu dem raxasi ko gééju ndayaan. Kumba aw ci yoon wi di jooy di dem. Dox na ñaari bëccëg ag ñaari guddi.

Kumba di dox, di dox ba fekk ben siddéem muy bacc bopp-am, mu sukk nuyyu ko. Siddéém -gi laaj ko :

"Moo xale bu yaru bi foo jëm ?

Kumba né ko "sama wujju yaay moo ma raxaslooji koog bi gééju ndayaan".

Siddéem-gi tibb ci siddém-am may ko, ba noppi né ko :

"Foo jublu yàlla na fa yiwu yàlla jublu"

Kumba gëram ko, daldi aw yoonam.

Mu dellu di dox, di dox ba fekk cin buy togg boppam. Kumba amul ndey sukk nuyyu ko. Cin li né ko :

"Moo xale bu yaru bi foo jëm"?

Kumba tontu ko néko : "sama wujju yaay moo ma raxaslooji koog bi gééju ndayaan".

Cin tibb ci li muy togg jox ko, ba noppi né ko :

"Foo jublu, doom, yàlla na fa yiwu yàlla jublu".

Kumba lekk ba suur, géram ko, daldi aw yoonam.

Kumba-amul-ndey, di doxaat, di doxaat, ba fekk benn jugéén bu mâggata magat. Soxna si daal been tànk la am, benn loxo, benn bët, benn nopp, benn baaram. Kumba sukk nuyyu ko. Soxna si laaj ko :

"Moo sama sët foo jëm"!

.../...

Kumba amul ndey né ko : "Maam déy sama wujju yaay moo ma raxas-looji koog bi gééju ndayaan"

Soxna si wax ko : "Waaw toogal boog fanaan ba bët set ndax leegi mu guddi".

Soxna si daldi koy jox ay yax yu weex tàll, Kumba waxul dara, mu daldi léén jël def ci biir cin li, cin li fees dell ag yàpp. Soxna si dellu joxaat ko benn peppu dugup. Kumba def ko ci biir gënn, dëbb, gënn gi fees dell, Kumba waxul dara, mu jël def ci biir cin li. Nestuuti mu yakk, ñoom ñaar ñu lekk. Biñu noppee soxna si né ko : "Kumba kaay nag raxasi ndab yi ag sa koog boobule bala moo guddi".

Bi Kumba delluséé, mu jox ko benn pusó ag benn ràbbu né ko : "Demal nga dugg ci ronu lal bi, ndax sama doom yépp ay rabi àll lañu, pusó bi na nga koy jam rab yu ndaw yi, ràbbu gi nga di ko jam rab yu mag yi ndax ñu teela dem, damaa bañ ñu rey la".

Bi doomi soxna si ñëwéé, bukki mi nga xam né moo ci gën sob daldi né :

"Yaay daal nit a ngi xeeñ ci néég bi". Soxna si né ko : "xalé bii, demal nelawi, man rekk maa fiy nit, xanaa danga ma bëgg lekk léégi ?". Bi rab yi tëddée, Kumba amul ndey di léen jam ràbbu bi ag pusó bi, mu mel ni ay màtt ñoo nekk ci lal bi. Xale yi jéém-jéém mënuñoo nelaw, ñu daldi génn dem séén yoon. Kumba amul ndey daldi génn, soxna si né ko mu ñów waaj ñibbi, mu jox ko nëtti nen, ba noppi né ko :
"bii, soo demee ba ci biir àall bi, nga toj ko, "bii, soo demee ba séén sa dëkk nga toj ko, "bii, soo demee ba ci buntu dëkk bi nga toj ko, bu léén jaawale. Demal, foo jublu yalla na fa yiwu yàlla jublu".

Kumba-amul-ndey sukk nuyyu ko, gëram ko, daldi aw yoon wi di dox, di dox ba ci biir åll bi, mu toj benn nen, ay gaynde, ay segg, rabi àll yu baree-bari génn ci, ndax ñu yiir ko ba dara du ko mën laal.

.../...

Kumba dellu di dox, di dox ba séén dëkk bi mu jógéwóón, mu toj bebeneen nen, ay boroomi fas yu yoreey fetal génn ci, ñu rey gaynde yeeg rabi àll yépp. Kumba di dox, dox nag bay bëgga dugg seen dëkk, mu toj benn bi ci des, ay dag yu bari yu yor ay ndënd di tëgg génn, ag ñeneen ñu yenu ay saakuy xaalis, saakuy ngalam, ag ay nag yu bari. Kumba daal, bi muy dugg ci biir dëkk bi mu ngi niróóg buur. Nit ñópp génn di ko seetaan.

Yaayu Kumba am ndey, rusa-rus ba, mënu koo muñ, mu né doom ji : "xoolal, Kumba-amul-ndey li mu am, yow nga toog fii, cim ! Demal wuti ko yow itam."

Kumba am ndey daldi dem moom itam, di dox, di dox, ba am ñaari bëccëg ag ñaari guddi ci àall bi. Muy dox ba gis ag déém guy bàcc boppam, daldi wax : "Laaylaa, man dé masu ma gis lii, déem guy bàcc boppam ; lii dé su ma ko waxee kenn du ma gëm. Moo déém gi, doo ma may ci déém jeem?"

Siddéém gi bañ, né ko : "Foo jublu yàlla bu fa yiwu yàlla jublu". Kumba itam di dem, di dem ba gis cin luy togg boppam, mu daldi né : "Ndax man damay waaru, cin luy togg boppam, lii déy kenn masu koo gis !" Cin li néko : "xale bu reew bi, demal sa yoon, te foo jublu yàlla bu fa yiwu yàlla jublu".
Kumba di doxaat, di doxaat b fekk jenn jigéén ju màggat mu toog. jigéén ji màggat ba weex tàll. Te soxna si benn tànk la am, benn loxo, benn bët, benn nopp. Kumba itam, nekk xale bu reew bu kenn yarut, mu né : "Soxna si xanaa yow doo nit, benn tànk, benn loxo, benn bët, benn nopp. Man dé waaru naa". Soxna si né ko :
"Moo xale bi yow reew nga di. Waaw, lu doon say tànk sax ?"
Kumba daldi koy tontu : "Man, géeju ndayaan laa jëm. Lan la woon ?"
Soxna si jox ko ay yax yu weex tàll, ndax mu raxas leen def ci cin li, Kumba né ko :
"waay, lii kenn da koy lekk, mënuma ko dé"
Soxna si dellu jox ko benn peppu dugub ndax mu sebet ko def ci cin li, Kumba né ko :
"xanaa yow amulóó dara, kuy sebet benn peppu dugub. Lii duma ko def

.../...

ndax masuma koo gis." Soxna si defal boppam lépp, ñu lekk ba noppi, Kumba dem raxas dab yi. Soxna si jox ko bennu pusó ag benn ràbbu ndax mu ciy jam doom-am yi. Kumba itam di léén jam ba ñoom ñépp di ñacc. Doomi soxna si sax bi ñuy génn dañu doon dow. Soxna si jox ko ñetti nen tekttal ko ni mu leen wara toje ba noppi né ko : "Demal, foo jublu yàlla bu fa yiwu yàlla jublu". Kumba itam aw yoon wi. Ba mu waree toj nen yi mu jaawale leen. Mu toj ñetteelu nen bi ..ay nag yu bare génn rekk dow wuttali ko, dal ci kawam daldi koy rey.

Tan yi doon naaw daldi koy séén, toñ ci kowam, di ko lekk ba mu des ludul xolam.

Tan yitam daldi koy jël naaw ag moom ba ca seen dëkk, te naan : "Xale ba demoon gééju ndayaan xol baa ngi nii"

Fii la lééb doxe tàbbi àjjana bàakkan bu ko jëkk fóón tàbbi ~~safara~~. adiana.

-==-=-=-=-=-=-=-=-